

Gwo chanjman ki afekte refijye yo, moun kap mande azil, moun ki gen TPS yo ak lòt imigran yo:

NOUVO FRÈ IMIGRASYON KI PI WO



Dat ki te 4 jiyè, 2025 lan Presidan Trump siyen “**One Big Beautiful Bill Act (OBBBA)**” nan lalwa. Gwo lwa finansman sa bay yon gwo ogmantasyon pou fè respekte règleman imigrasyon yo men tou li ogmante anpil frè ki gen rapò ak imigrasyon, sa ki ka fè li vinn pi difisil pou anpil moun gen aksè oubyen kontinye avèk pwosesis imigrasyon yo.

La se kèk nan kesyon yo poze pi souvan sou kijan chanjman sa yo pral afekte kliyan IRC yo :

Mwen ap aplike pou mwen vini yon rezidan legal pèmanan (LPR) avèk USCIS, kisa chanjman frè sa yo vle di pou mwen?

Frè pou **ajiste estati ou a pou LPR avèk USCIS** jeneralman komanse a \$1,440 pou granmoun, **men gen kèk moun ki pa oblije peye frè a**, ki gen ladan yo refijye, SIVs, espesyal imigran jèn yo, ak lòt moun. OBBBA pa ajoute nouvo frè pou aplikasyon sa yo ki te deja egzante de frè depo yo.

Si w ap depoze dosye nan tribinal imigrasyon an (oubyen EOIR), OBBBA enpoze yon frè adisyonèl de \$1,500 sou tèt frè \$1,050 EOIR la, ki vinn fè yon total de \$2,940 pou kèk aplikasyon. Tanpri pale avèk reprezantan legal ou a pou w ka konprann frè egzakt la pou aplikasyon LPR pa w la.

Mwen bezwen aplike pou azil. Eske kounya mwen pral bezwen peye yon frè?

Kit ou depoze dosye w nan **USCIS** oubyen **EOIR**, ou pral gen pou w peye kounya **\$100 kòm frè inisyal pou aplikasyon azil la ak yon frè “Datant” anyèl \$100 pa ane** pou chak ane aplikasyon azil ou a rete annatant. Frè sa dwe peye nan anivèsè dat ou te depoze dosye a. sa vle di si ou te aplike pou azil 29 Jiyè, 2025, ou sipoze ajoute frè depo inisyal \$100 a ki pa ranbousab avek fòm I-589 la. Nan dat ki ap 29 Jiyè, 2026 la, USCIS oubyen EOIR ta sipoze resevwa \$100 frè « datant » azil anyèl la.

Mwen se yon moun kap mande azil epi mwen genyen yon aplikasyon annatant nan tribinal la. Ki sa sa vle di pou mwen?

Kounya gen yon **\$100 frè datant anyèl** ke ou ka bezwen peye **pandan ka azil ou a annatant**. EOIR poko pibliye gidans li yo sou koman pou peye frè a si ou te voye aplikasyon azil ou a nan tribinal imigrasyon. Pou moun kap aplike afimativman (sa vle di se pa ak tribinal imigrasyon), USCIS pral ba yo gidans epi pibliye avi inisyal pèsònèl pou moun ki gen enfòmasyon sou kilè ak kijan pou peye frè a, avèk konsekans si ou pa peye. Frè a dwe peye pou ane fiskal sa a. Gid USCIS yo ap vini pou frè ki dwe peye apre ane sa a. Men yo prevwa moun k ap mande azil yo pral oblije peye frè anyèl la nan jou oubyen avan anivèsè dat yo te fè aplikasyon an.

Kisa ki gen pou wè ak frè otorizasyon travay yo?

Pou moun k ap aplike pou azil, TPS, ak paròl, genyen tou, frè ki pi wo pou otorizasyon travay. Gade tablo a pou plis detay.

Èske frè yo ka chanje ankò?

Wi. Frè yo ka chanje chak ane fiskal, e yo ka pibliye sou sit entènèt EOIR oswa USCIS.

Chanjman nan frè aplikasyon USCIS, tribinal imigrasyon (EOIR), ak Komisyon Rekou Imigrasyon (BIA):

KATEGORI	CHANJMAN NAN FRÈ APLIKASYON USCIS YO : *	CHANJMAN NAN FRÈ EOIR AK BIA:
APLIKASYON AZIL (Fòm I-589)	\$100 (pa ranbousab e pa ka anile) Frè datant anyèl : \$100/ane pandan dosye azil ou a ap tann.	\$100 ((pa ranbousab e pa ka anile) Frè datant anyèl: \$100/ane pandan dosye azil ou a ap tann..
Pèmi Travay (EAD) (Fòm I-765)	Pèmi Travay Inisyal: \$550 pou azil pawol, oubyen aplikan pou TPS yo . Renouvèlman: \$275 chak fwa, ak pèmi yo ka sèlman dire 1 ane kounye a. anplis de frè USCIS te mete, sa ki bay yon total \$745 si w aplike sou entènèt oswa \$795 sou papye . Moun kap aplike pou Azil Pèmi travay inisyal: \$550 Renouvèlman: \$275 chak fwa, ak pèmi yo ka sèlman dire 1 ane kounye a. anplis de frè USCIS te mete, sa ki bay yon total \$745 si w aplike sou entènèt oswa \$795 sou papye. Moun ki genyen Azil (Ki vle di azil yo aprouve) - Pa gen chanjman nan frè yo (pa gen frè pou ni pèmi travay inisyal ni renouvèlman pou moun ke yo aprouve azil yo).	
Aplikasyon pou Rezidan Pèmanan Legal (Fòm I-485)	Pa gen chanjman nan frè yo, si w ap depoze dosye a nan USCIS.	EOIR ap ajoute nouvo frè \$1,500 anplis sou frè avan ki te \$1,050, total la vini \$2,940 pou kèk aplikasyon. Tanpri pale avèk represantan legal ou a pou w konprann frè egzakt pou aplikasyon LPR ou a.
Frè pou aplikasyon TPS	Kounya \$500 (soti nan ~\$50), pa gen okenn egzanasyon frè ki otorize. USCIS pral aplike tou yon frè biyometrik \$30, pou yon total \$530 .	Kounya \$500 (soti nan ~\$50), pa gen okenn egzanasyon frè ki otorize.. USCIS pral kolekte sèpareman frè biyometrik la, pou yon total \$530 .
Apèl		Gen yon \$900 adisyonèl anplis \$110 frè orijinal la, ki vinn ogmante nouvo pri total la \$1,010 , eksepte pou apèl sou kosyon ki pa gen frè.
Mosyon pou relouvri oswa rekonsidere avan EOIR (aksèten eksepsyon)		\$1,045 (te konn ~\$110 oubyen gratis).
Mosyon pou relouvri oswa rekonsidere avan BIA		Gen yon frè \$900 adisyonèl anplis frè \$110 orijinal la, sa vinn fè nouvo total la \$1,010 .
Si yo arete w paske ou pat peye frè tribinal la		\$5,000 Si yo te bay lòd pou depòte w paske w pat prezante nan tribinal la epi yo arete w pi devan . Gen yon eksepsyon si yo anile lòd tribinal la.

Nòt: Si USCIS ogmante frè a, li pwograme pou li antre an aplikasyon **pa pi ta pase 21 out 2025**. Mizajou EOIR yo efikas imedyatman. Toude ajans yo kapab ogmante frè yo ankò.

*Pou plis enfòmasyon espesifik, tanpri vizite kalkilatris frè USCIS la: [USCIS fee calculator](#).

Lòt nouvo frè:

Frè si yo arete w sou fwontyè a	\$5,000 Si yo bare w ap travèse ant kote ofisyèl pou pase fwontyè yo . Li pa klè sa k ap pase si w paka peye touswit.
---------------------------------	--